



# Re-ouvri New York

## Direktiv sou Fabrikasyon pou Anplwayè ak Anplwaye yo



Direktiv sa yo aplikab pou tout biznis fabrikasyon nan rejyon New York ke yo pèmèt pou [re-ouvri](#), ansanm ak biznis fabrikasyon nan tout eta a ke yo te deja pèmèt pou opere kòm aktivite esansyèl.

Pandan ijans sante piblik COVID-19 la, tout biznis fabrikasyon yo ta dwe rete okouran pou nenpòt ki chanjman eta a ak federal ki gen rapò ak aktivite fabrikasyon yo epi enkòpore chanjman sa yo nan operasyon pa yo. Konsèy sa a pa gen entansyon ranplase nenpòt ki lwa lokal, eta, ak lwa federal, règleman, ak estanda ki deja an aplikasyon.

### Obligatwa

#### Distans Fizik

- ✓ Asire distans 6 pye ant pèsònèl la, sòf si sekirite oswa fonksyon debaz nan aktivite travay la egzije yon distans ki pi kout.
- ✓ Nenpòt lè pèsònèl la nan yon distans ki pi piti pase 6 pye youn de lòt, pèsònèl la dwe mete kouvèti vizaj ki akseptab.
- ✓ Pou nenpòt travay k ap fèt nan espas fèmen, limite prezans mendèv la ak pa plis pase 50% okipasyon maksimòm, sipèvizè yo pa nan kalkil sa, amwenske yon etablisman bezwen plis anplwaye pou reyalize fonksyon debaz yo san danje (egz. liy asanblaj kritik) ak estrateji rediksyon anplis ki aplike (egz. kouvèti vizaj toutan).
- ✓ Limite rasanbleman an pèsòn ki pa esansyèl yo otan sa posib.
- ✓ Etabli espas ki deziyen pou ramasaj ak livrezon, pandan n ap limite kontak yo toutan sa posib.

### Pi bon Pratik ki Rekòmande yo

- ✓ Kreye plis espas pou anplwaye yo gras a limitasyon prezans an pèsòn ak pèsònèl ki nesèsè pou travay k ap fèt kounye a sèlman, fè ajisteman nan orè travay yo, repati lè arive/depa yo, kreye ekip A/B, ak/oswa pwogramme yon sèl ekip nan yon zòn alafwa.
- ✓ Modifye itilizasyon epi / oswa diminye kantite pèsòn travay ak zòn anplwaye yo chita pou kenbe distans 6 pye a, epi evite plizyè gwoup ak/oswa ekip travay nan yon zòn. Si li pa posib, bay epi mande pou kouvri figi oswa adopte baryè fizik (tankou miray pwoteksyon an plastik), dapre [direktiv OSHA yo](#), nan zòn kote ki pa gen ekoulman lè, chofaj, refwadisman oswa vantilasyon.
- ✓ Redwi sikilasyon a pye nan de sans pandan n ap mete pano ak flèch nan ale, koulwa, oswa espas sere yo.
- ✓ Fè anplwaye yo travay lakay nenpòt lè sa posib.
- ✓ Itilize tele- oswa videyo-konferans lè sa posib. Rasanbleman esansyèl yo (egz: reyinyon) ta dwe fèt nan espas ouvè, ki gen bon van ak distans sosyal apwopriye pami patisipan yo.
- ✓ Pou fabrikasyon ki ap sipòte defans nasyonal oswa lòt endistri ki krisyal yo, mete sou pye "gwoup" modilè pou ka limite pi plis enpak ka ki gendwa pozitif yo. Kenbe konpozisyon gwoup anplwaye ki konsistan (egz. ekip estab ki pa chanje nan tout mezi posib) epi limite kontak pami gwoup yo (egz. zòn poz apa, antre/sòti ki repati).
- ✓ Itilize riban pou afiche makè distans sosyal oswa pano pou endike 6 pye espas nan zòn moun souvan itilize ak lòt zòn posib sou sit la (eg: estasyon pou tcheke antre/soti, estasyon depistaj sante.)
- ✓ Entèdi vizitè ki pa esansyèl sou sit la.
- ✓ Espas ki jis anpil (egz: asansè, sal kontwòl) ta dwe genyen sèlman yon moun an menm tan, sòf si tout moun yo mete kouvèti vizaj. Si yo genyen plis pase yon moun, kenbe okipasyon an anba 50% kapasite maksimòm nan.



# Re-ouvri New York

## Direktiv sou Fabrikasyon pou Anplwayè ak Anplwaye yo



Direktiv sa yo aplikab pou tout biznis fabrikasyon nan rejyon New York ke yo pèmèt pou [re-ouvri](#), ansanm ak biznis fabrikasyon nan tout eta a ke yo te deja pèmèt pou opere kòm aktivite esansyèl.

Pandan ijans sante piblik COVID-19 la, tout biznis fabrikasyon yo ta dwe rete okouran pou nenpòt ki chanjman eta a ak federal ki gen rapò ak aktivite fabrikasyon yo epi enkòpore chanjman sa yo nan operasyon pa yo. Konsèy sa a pa gen entansyon ranplase nenpòt ki lwa lokal, eta, ak lwa federal, règleman, ak estanda ki deja an aplikasyon.

	Obligatwa	Pi bon Pratik ki Rekòmande yo
<b>Ekipman Pwoteksyon</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>✓ Anplwayè yo dwe bay anplwaye yo yon kouvèti vizaj akseptab san peye epi prepare yon apwovizyonman kouvèti sifizan nan ka ranplasman.</li> <li>✓ Pami bagay ki akseptab yo pou kouvri figi genyen, pami lòt, twal (paregzanp, sa ki koud lakay, mòso rad, bandana) ak mask chirijikal, sòf si nati travay la egzije PPE pi estrik (paregzanp respiratè N95, ekran pou figi).</li> <li>✓ Kouvèti vizaj yo dwe netwaye oswa ranplase apre itilizasyon oswa lè yo andomaje oswa kontamine, men yo pa dwe pataje, e yo ta dwe byen estoke oswa jete.</li> <li>✓ Limite pataj objè (egz: zouti, machin) epi dekouraje touche sifas pataje; oswa, lè gen kontak ak objè pataje oswa espas moun frekante souvan, mete gan (sa ki apwopriye pou komès oswa medikal); oswa, dezenfekte oswa lave men avan ak apre kontak.</li> </ul>	
<b>Ijyèn, Netwayaj ak Dezenfeksyon</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>✓ Respekte egzijans ijyèn ak asenisman yo ki soti nan <a href="#">Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo</a> (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) ak <a href="#">Depatman Sante</a> (Department of Health, DOH) epi kenbe rejis netwayaj nan espas la ki gen ladan dat, tan, ak anvègi netwayaj yo.</li> <li>✓ Bay e kenbe estasyon ijyèn men pou pèsone l, ansanm ak lave men ak savon, dlo, ak papye, ansanm ak dezenfektan pou men ki fèt a baz alkòl ki gen 60% oswa plis alkòl pou espas kote lave men pa posib.</li> <li>✓ Bay founiti pou netwaye ak dezenfekte apwopriye epi ankouraje anplwaye yo pou yo sèvi avèk founiti sa yo anvan ak apre itilizasyon sifas plizyè moun manyen ak sa moun manyen souvan, epi pou yo pratike ijyèn men apre sa.</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>✓ Nenpòt kote sa posib, ogmante van ki ap soti deyò a (pa egzanzp ouvèti fenèt ak pòt) pandan nou ap kenbe prekosyon sekirite yo.</li> <li>✓ Ankouraje anplwaye yo vini ak manje ki fèt lakay yo epi rezève espas sifizan pou anplwaye yo obsève distans sosyal pandan y ap manje repa yo.</li> </ul>

STAY HOME.

STOP THE SPREAD.

SAVE LIVES.



# Re-ouvri New York

## Direktiv sou Fabrikasyon pou Anplwayè ak Anplwaye yo



Direktiv sa yo aplikab pou tout biznis fabrikasyon nan rejyon New York ke yo pèmèt pou [re-ouvri](#), ansanm ak biznis fabrikasyon nan tout eta a ke yo te deja pèmèt pou opere kòm aktivite esansyèl.

Pandan ijans sante piblik COVID-19 la, tout biznis fabrikasyon yo ta dwe rete okouran pou nenpòt ki chanjman eta a ak federal ki gen rapò ak aktivite fabrikasyon yo epi enkòpore chanjman sa yo nan operasyon pa yo. Konsèy sa a pa gen entansyon ranplase nenpòt ki lwa lokal, eta, ak lwa federal, règleman, ak estanda ki deja an aplikasyon.

	Obligatwa	Pi bon Pratik ki Rekòmande yo
Ijyèn, Netwayaj ak Dezenfeksyon (kontinye)	<ul style="list-style-type: none"> <li>✓ Fè yon netwayaj ak dezenfeksyon regilye pou pi piti apre chak orè, chak jou, oswa pi souvan kòm sadwa, e netwayaj ak dezenfeksyon objè pataje yo souvan (egz: zouti, machin) ak sifas yo, ansanm ak espas ki frekante souvan yo, tankou twalèt ak espas komen dwe acheve, nan sèvi avèk <a href="#">pwodui</a> Depatman Pwoteksyon Anviwònman (Department of Environmental Conservation, DEC) yo ki idantifye pa Ajans Pwoteksyon Anviwònman (Environmental Protection Agency, EPA) la kòm efikas kont COVID-19 la.</li> <li>✓ Si pwodui netwayaj ak dezenfektan yo oswa aksyon netwaye ak dezenfekte a lakòz danje oswa degrade materyo yo oswa aparèy yo, pèsònèl la dwe kapab jwenn yon pòs ijyèn men apre chak itilizasyon ak/oswa yo dwe ba li gan jetab.</li> <li>✓ Entèdi manje ak bwason pataje (egz: repa nan estil bifè.)</li> </ul>	
Kominikasyon	<ul style="list-style-type: none"> <li>✓ Afime ke ou te revize e konprann konsèy eta a te pibliye sou endistri a, epi w'ap aplike yo.</li> <li>✓ Afiche siyalizasyon nan tout sit la pou raple responsab yo pou respekte ijyèn nòmal la, prensip distans sosyal yo, itilizasyon nòmal PPE yo ak pwotokòl netwayaj ak dezenfeksyon yo.</li> <li>✓ Si yon travayè gen tès COVID-19 pozitif, patwon an dwe fè depatman sante eta ak lokal yo konn sa touswit epi kopere avèk efò pou retrase kontak yo, sa gen ladan mete okouran kontak posib yo, tankou travayè oswa vizitè ki te gen kontak sere avèk moun nan, epi an menm tan kenbe konfidansyalite lwa ak règleman eta ak federal yo egzijè a.</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>✓ Etabli yon plan kominikasyon pou anplwaye, vizitè, ak kliyan yo ak mwayen pou bay enfòmasyon resan.</li> </ul>



# Re-ouvri New York

## Direktiv sou Fabrikasyon pou Anplwayè ak Anplwaye yo



Direktiv sa yo aplikab pou tout biznis fabrikasyon nan rejyon New York ke yo pèmèt pou [re-ouvri](#), ansanm ak biznis fabrikasyon nan tout eta a ke yo te deja pèmèt pou opere kòm aktivite esansyèl.

Pandan ijans sante piblik COVID-19 la, tout biznis fabrikasyon yo ta dwe rete okouran pou nenpòt ki chanjman eta a ak federal ki gen rapò ak aktivite fabrikasyon yo epi enkòpore chanjman sa yo nan operasyon pa yo. Konsèy sa a pa gen entansyon ranplase nenpòt ki lwa lokal, eta, ak lwa federal, règleman, ak estanda ki deja an aplikasyon.

### Obligatwa

#### Depistaj

- ✓ Anplwaye ki malad yo ta dwe rete lakay yo oswa retounen lakay si yo tonbe malad nan travay la.
- ✓ Kreye evalyasyon depistaj sante obligatwa (eg. kesyonè, kontwòl tanperati) pou anplwaye yo k ap poze kesyon konsènan (1) [sentom](#) COVID-19 la nan 14 jou pase yo, (2) tès COVID-19 pozitif nan 14 jou pase yo, ak/oswa (3) kontak sere oswa kontak pwòch ak yon ka COVID-19 konfime oswa sispèk nan 14 jou pase yo.
- ✓ Yo pa ta dwe pèmèt yon anplwaye ki teste pozitif pou sentòm COVID-19 yo antre nan espas la epi yo ta dwe voye li lakay li avèk enstriksyon pou kontakte founisè swen sante yo pou evalyasyon ak tès.
- ✓ Enfòmè depatman sante eta ak lokal yo touswit sou ka pozitif ki konfime yo epi bay moun lan enfòmasyon sou resous pou swen sante ak tès yo.
- ✓ Gen yon plan pou netwayaj, dezenfeksyon, ak rechèch kontak nan moman yon ka pozitif.
- ✓ Revize tout repons ke yo te kolekte nan pwosesis depistaj la chak jou e kenbe yon anrejistremant revizyon sa yo. Idantifye yon kontak antanke pati pou anplwaye yo pou ka enfòmè si pita yo vin gen sentom ki gen rapò ak COVID-19 la, jan sa note nan kesyonè a.

### Pi bon Pratik ki Rekòmande yo

- ✓ Fè depistaj yo a distans (egz: pa ankèt telefòn oswa elektwonik), avan deklare sa sou sit la, tout tan sa posib.
- ✓ Kenbe yon rejis tout tan pou chak moun, gen ladan travayè ak vizitè yo, ki gendwa gen kontak sere oswa pwòch ak lòt moun nan sit oswa espas travay la; san konte livrezon ki fèt ak PPE ki apwopriye oswa pa mwayen san kontak yo.
- ✓ Ale li konsèy CDC a sou "[Sentom Kowonaviris](#)" (Symptoms of Coronavirus) pou enfòmasyon ki pi resan sou sentom ki asosye ak COVID-19 la.
- ✓ Se moun ki abitye ak pwotokòl CDC, DOH ak OSHA yo ki dwe fòme moun k ap fè depistaj yo epi yo dwe mete ekipman pwoteksyon (PPE) ki apwopriye, ki gen ladan omwen, yon pwoteksyon figi.
- ✓ Ale li [konsèy](#) DOH konsènan pwotokòl ak règleman pou anplwaye k ap chèche retounen nan travay apre yo sispèk oswa konfime yon ka COVID-19 oswa apre yon anplwaye te gen kontak sere oswa kontak pwòch ak yon moun ki gen COVID-19 la.